

Jwenn jodiya yon travay kòm Edan Swen Pèsonèl (PCA)!


Pou kòmanse : Konfigire kont PCA ou a

Note byen : Se pou w gen yon imèl ki valab pou w louvri yon kont PCA.

1. Monte nan MassPCADirectory.org.
2. Kreye yon kont PCA.
 - a) Klike sou **Mwen vle yon travay kòm yon PCA**.
 - b) Mete imèl ou a.
 - c) Nan zòn “Wòl” la, chwazi Travayè PCA (PCA Worker).
 - d) Chwazi yon modpas.
 - e) Monte nan bwat imèl ou.
 - f) Louvri imèl ou resevwa nan men info@masspcadirectory.
 - g) Klike sou lyen elektwonik la pou aktive kont ou an.

JWENN ÈD : Telefonnen nimewo asistans anyè PCA a nan 888-627-7722.

3. Ranpli yon pwofil PCA :
 - a) Konekte nan nouvo kont ou an apati imèl ou a e modpas ou te chwazi a.
 - b) Klike sou **Pwofil ou a** e reponn chak kesyon.
 - c) Klike sou **Bouyon** ki sou anba paj la chak 15 minit pou w anrejistre enfòmasyon ou yo.
 - d) Klike sou **Anrejistre** ki sou anba paj la pou w aktive kont ou an. Yon fwa pwofil ou a aktive, w ap retounen sou paj dakèy ou a. Tout enfòmasyon ki manke ap make anwo paj pwofil ou a.
 - e) Verifye paj dakèy ou a. Kounyela, pwofil ou ta dwe make kòm aktif.



**Nimewo asistans
elektwonik pou anyè Mass
PCA : 888-627-7722**

**lendi – vandredi
9:00 a.m. jouk 5:00 p.m. EST**

Operatè yo founi èd sou :

- Kòman pou chanje yon modpas
- Kòman pou chèche yon travay
- Kòman pou resevwa mesaj elektwonik anyè a

Wikenn e aswè :

- Kite yon mesaj vokal avèk non w e nimewo telefòn ou e yon operatè ap retounen apèl ou a.
- Voye yon imèl 24/7 bay anplwaye nimewo asistans lan nan : info@masspcadirectory.org

Gen èd disponib nan tout lang.



**Konsèy sou bon kalite mendèv nan
swen adomisil PCA**

lisa@masspcadirectory.org

MassPCADirectory.org

Suiv nou



(HT 4/2026)

Pwochen etap : Pale konsomatè-anplwayè yo de ou

Ajoute enfòmasyon nan seksyon "Pale n de ou" ki nan pwofil PCA a. Ekri detwa enfòmasyon pou w fè konsomatè-anplwayè a konnen ki konpetans pwofesyonèl ou genyen, e pa bliye konpetans ou genyen nan lavi tou :

- Èske w janm pran swen yon fanmi?
- Èske w kuit bon manje? Èske w kenbe kay ou pwòp?
- Èske w renmen aprann? Èske w aprann vit?
- Èkse w gen machin? Èske w gen yon pèmi pou kondi?
- Èske w fyab e èske w rive alè nan travay?

Dènye etap : Chèche travay ki pre lakay ou e fè aplikasyon pou yo

1. Konekte sou kont ou a. Klike sou **Chèche yon travay**.
2. Mete kantite mil ou ka deplase pou w al nan yon travay.

Chèche Afichaj Travay

Debaz oswa Avanse

Kote yo bay sèvis yo: *

Epi, Konbyen mil de vil oswa vil ki anwo a ou vle travay: *

3. Voye yon mesaj bay konsomatè-anplwayè yo. Klike sou **Kontakte [vil] moun ki afiche pòs travay la** ki sou kote deskripsyon chak pòs travay.

Afiche travay: PCA

Estati Travay: Aktif
Nan vil oswa vil: Jamaica Plain
Dat travay afiche/repost 1/29/2025
Deskripsyon Travay:
Aplikasyon yo ta dwe konfòtab ak
bèt kay: Pa gen preferans
Aplikasyon an ta dwe yon moun ki pa fimen: Pa gen preferans

4. Nan imèl ou ekri bay konsomatè-anplwayè yo :

- Di yo ki pi bon lè pou yo kontakte w.
- Di yo kòman pou yo kontakte w.
- Si w pa resevwa repons nan men yo, voye yon imèl rapèl amikal ba yo.



Konsèy sou bon kalite mendèv nan swen adomisil PCA

lisa@masspcadirectory.org

[MassPCADirectory.org](https://www.masspcadirectory.org)

Suiv nou

